



Pou Piblikasyon Imedya: 11/03/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE ATIS YO CHWAZI A POU MONIMAN SOJOURNER TRUTH LA

Eskilti Atis Vinnie Bagwell la ki dwe Sitiye nan Walkway Sou Pak Eta Hudson nan Sou Empire State Trail la

Moniman an Ede pou Mye Repezante Tout Moun ki te Kontribye nan Istwa New York

Gade Prezantasyon Moniman an [Isit la](#)

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a yon eskiltè nan vil Yonkers te resevwa manda pou kreye yon moniman pou komemore abolisyonis selèb epi sifrajèt Sojourner Truth. Moniman an pral sitiye nan Walkway Sou Pak Istorik Eta Hudson (Walkway Over the Hudson State Historic Park) nan sou Empire State Trail la nan Konte Ulster. Konsepyon pou yon estati an bwonz ki mezire 7 pye eskiltè ak atis Vinnie Bagwell pwopoze pou Sojourner Truth la pral ede nou pi plis enkli epi repezante fanm yo ak moun tout ras ak kwayans ki te kontribye nan istwa Eta New York.

“Kouraj ak detèminasyon Sojourner Truth te ede trase yon chemen pou fanm ak moun nwa nan tout peyi a, epi moniman sa a pral ede jenerasyon nan lavni yo pou sonje eritaj li epi enspire yo pou kontinye konba a pou yon sosyete pi jis”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Mwen kontan anpil paske Eta New York ap bay manda ak konpatryòt Vinnie Bagwell pou kreye moniman sa a epi m pa ka tann pou m wè travay li k ap dekri pèsonaj istorik sa a sou Empire State Trail la.”

“Yon moniman Sojourner Truth nan sit touristik popilè nan Walkway Sou Pak Istorik Eta Hudson nan pral onore sifrajèt la ak anpil lòt fanm ki te konbat pou dwa ak pwoteksyon yo”, **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul, ki se Prezidan Komisyon Dwa Vòt Fanm yo (Women's Suffrage Commission) nan Eta New York, te di.** “Pandan mwa Istwa Fanm yo, epi chak mwa, nou vle asire nou yo sonje fanm ki te vini avan nou yo epi nou ap kontinye konba yo a pou dwa fanm yo nan Eta New York.”

An Novanm 2017, Gouvènè Cuomo ak Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te anonse konstriksyon yon moniman ki onore Sojourner Truth pou komemore 100yèm anivesè sifraj fanm nan Eta New York. Truth te fèt nan esklavaj nan Konte Ulster ozanviwon ane 1797, yo te vann li twa fwa, epi li te finalman sove pou l te jwenn libète l an 1826. Li te vin tounen yon abolisyonis ak yon defansè dwa fanm selèb jiska lanmò li an 1883.

Konsepsyon Atis Vinnie Bagwell gen entansyon pou sezi chalè, konpasyon, imilite ak bote Sojourner Truth. Li pral amelyore ak yon narasyon detay rich teknik eskilti ba relyèf fèb ki gen ladan l tèks, bray ak senbòl pou ankouraje espektatè yo pou mache

ozalantou li epi etidye sifas li. Pli yo nan jip li a pral itilize tankou kanva pou dekri ekperyans lavi Sojourner, gen ladan l imaj yon jèn manman ki nan esklavaj k ap konsole pitit li, yon afich lavant esklavaj, ak yon postè pou yon Mach pou Vòt Fanm (Women's Suffrage March) yo.

Bagwell, yon Nouyòkè natif natal, ap dirije tou konsepyon Jaden Lapli Afriken ki nan Esklavaj (Enslaved Africans' Rain Garden) la nan Yonkers, yon pwojè la piblik pou komemore premye Afriken ki te nan esklavaj yo ki te libere anba lalwa Etazini.

“Estati Sojourner Truth la pral amelyore wòl istorik Walkway Sou Pak Eta Hudson nan kòm 'Gran Konektè A' (The Great Connector) nan konekte vizitè fòs, vizyon ak detèminasyon Sojourner Truth pou libète epi dwa fanm yo”, **Komisè Pwovizwa Erik Kulleseid te deklare**, “Gras ak Gouvènè Cuomo ak Gouvènè Adjwen Hochul nan ankouraje Nouyòkè yo pou sonje moun yo pa konnen yo ki te reyalize konba pou egalite ak libète.”

Atis Vinnie Bagwell te deklare, “Konsepsyon fèt nan entansyon pou pwovoke panse kritik, kreye yon santiman apatenans, epi enfòmè espektatè yo ke talan atistik se yon zouti pisan epi itil pou transfòmasyon; yonn ki kapab kondanse panse yo, rann siblim lespri nou epi renouvle espwa nou ak aspirasyon nou yo. Mwen espere vizitè yo nan kote espesyal sa a pral kapab kite avèk kapasite pou apresye epi afime fòs ak bote etnik, pliralis ant de sèks yo ak kiltirèl; epi konye a— plis pase avan— santi yon sans responsablite pou lavni libète epi libète pou tout pèp”.

Chèf Egzekitif Konte Ulster, Adele Reiter te deklare, “Mwen rekonesan anpil ak Gouvènè Cuomo; Komisè Pwovizwa Pak yo, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik (Parks, Recreation and Historic Preservation) Erik Kulleseid; epi Komite ak pèsoneèl Walkway Sou Hudson nan paske yo te chwazi pou plase moniman sa a, ki onore yonn nan pèsoneaj istorik ki pi selèb nan Konte Ulster, nan pòt sistèm chantye kwasan Konte nou an. Pandan vizitè yo ap antre nan Konte Ulster soti nan Walkway Sou Hudson nan, li byen pou yo jwenn salitasyon Sojourner Truth - yon pyonye mouvman abolisyonis diznevnyèm syèk la ki enkane valè pataje fòs, sakrifis ak kalite ki fè Konte Ulster yon gran kominote pou vizite epi pou viv. Apre Empire State Trail la nan zòn lwès apati Walkway la, tandiske l ap travèse Konte Ulster epi pase atravè Highland, New Paltz, Rosendale ak Kingston, mwen gen konfyans vizitè yo menm jan ak abitan yo pral twouve ke li konekte yo non sèlman ak peyizaj nou an, pak mayifik nou yo, epi kominote istorik nou yo, men ak yon istwa k ap deplwaye ki te ede fasone karaktè nasyon nou an pandan kat san ane pase yo”.

Eta New York se lakay mouvman dwa fanm nan. Li te akeyi tout premye Konvansyon Dwa Fanm (Women's Rights Convention) yo nan Seneca Falls an 1848, se Lucretia Mott ak Elizabeth Cady Stanton ki te òganize l. Swasant nèf lane apre, nan dat 6 Novanm 1917, fanm nan Eta New York yo te ranpòte dwa pou yo vote. Twa zan apre, yo te ratifye 19yèm Amanman an, ki te bay tout fanm dwa pou yo vote toupatou atravè Etazini.

Komisyon sou Vòt Fanm yo nan Eta New York, Gouvènè Adjwen Kathy Hochul ap prezide a, ap òganize pwogram pou komemore vòt fanm yo jiska 2020, sa ki pral make yon syèk depi 19yèm Amanman an te ratifye. Pwogram Komisyon an selebre

akonplisman vòt fanm yo epi wòl santral Nouyòkè yo ak Eta New York te jwe nan gwo pa sa a, pandan l t ap ede fasone lavni pou asire vin gen yon sosyete ki pi jis ak ekitab pou tout moun. Pou apann plis enfòmasyon, vizite www.ny.gov/suffrage.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)